| <i>Dursasana</i> | : <i>Héhé ... bacut kok arep dikapakaké ... tikna arep ngapa wis kebacut</i>   |
| <i>Baladéwa</i>  | : <i>Ora minggat klakon tak tendhangi ... pethènthang pethènhtèng karepmu apa ? ... klakon dhupak !</i>  |

Keterangan : Iringan *Sampak Nem* Dursasana ditendang Baladewa, Dursasana mengeluarkan senjata tombak, kemudian Baladewa ditombak tidak terasa. Dursasana kembali dihajar oleh Baladewa kemudian Dursasana dihentikan sengkuni, iringan *suwuk*

- |                 |  |
|-----------------|--|
| <i>Sengkuni</i> | : <i>He para kurawa ....kabèh waé ora ana sing tak arani gandhèng wiwit konangan karo para Pendhawa ayoh saiki dho mlayu mulih kabèh</i> |
|-----------------|--|

Keterangan : Iringan *Sampak Nem* Sengkuni dan para kurawa kembali, Baladewa masih tetap mengejar tetapi dihentikan Werkudara, iringan *suwuk*.

- |                  |  |
|------------------|--|
| <i>Werkudara</i> | : <i>Kakang Baladéwa élinga-élinga élinga ..</i>   |
| <i>Baldéwa</i>   | : <i>Aku ki ngapa ta ....apa aku kok arani <u>njeng</u></i>  |
| <i>Werkudara</i> | : <i>Ha kok ngamuk ngono kok ...</i>   |
| <i>Baladéwa</i>  | : <i>Ngamuka kaé ana sing tak amuk , ènèng sababé</i>  |
| <i>Werkudara</i> | : <i>Sababé apa ?</i>  |
| <i>Baladéwa</i>  | : <i>Dursasana mau ki ngocèh ... nèk inuman sumbangan saka ngestina kuwi dicampuri racun ... mula dha mendem</i>   |
| <i>Werkudara</i> | : <i>O ngono ta</i>  |
| <i>Baladéwa</i>  | : <i>Hayo ... ha saiki kurawa wis bubar mulih</i>  |
| <i>Werkudara</i> | : <i>Bubar mulih ... hayo wis ayo bubar mulih</i>  |
| <i>Baladéwa</i>  | : <i>Agèk jam pira ta iki (membuat candaan) ... hayo yahene kok ngejak mulih</i>   |
| <i>Werkudara</i> | : <i>Ayo tak dhèrèkaké kondur waé ... tak dhèrèkaké kondur nèng Negara Ngamarta ... ayo bali pesta menèh ... gandhèng kowé wis bar gelut mesthiné yo luwé ....</i> |
| <i>Baladéwa</i>  | : <i>Yén ngono aku mung maut karo kowé</i>   |
| <i>Werkudara</i> | : <i>Ayo tak dhèrèkaké ...</i>   |

Keterangan : Iringan *Ayak-ayak nem* Werkudara dan baladewa *dientas ke kanan, kayon ditancapkan di tengah iringan suwuk*.

### *Pathetan Nem Jugag*

*Hanjrahingkang puspita rum ... kasiliring samirana mrik ...o ... sekar gadhung kongas gandanya...o... mawèh raras renaning driya... o..*

### *Pocapan*

*Kocap mangkana ... para Kurawa sareng bibar wang sul dhateng praja Ngastina sampun kadenangan menawi para punggawa Ngastina mbeta unjukan dipun campuri racun ... Prabu Baladéwa pinenggak Raden Seno kadhèrèkaken manjing jroning praja ... mila daya-daya lampahé ...ingkang sami nandhang sakit nandhang kantaka sami dipun waluyakaken ... sedaya saged waluya déning keparengipun*

Naléndra Dwarawati Prabu Sri Bathara Kresna .. sasampunipun kadhèrèkaken sami kembul bojana ...sinigeg ... gentos kacariyos ingkang sami bojana nulya gantya ingkang kacarita menika ingkang wonten ing praja Candhipura yén cinandra nggedhèdhèr koncané ...

### 5. Adegan Candhipura Prabu Candhiwasesa, Retna Paniti, dan Patih Jayapudhendha

Keterangan : Munculnya tokoh diiringi Ladrang Moncer Laras Slendro Pathet Manyura

Janturan

Hanenggih punika warnanira ingkang wonten ing praja Candhipura/giri kencana sinten ta ingkang jumeneng nata ... Hajejuluk Prabu Candhiwasésa ... lenggah siniwaka kaadhep ingkang rayi kusumaning ayu Dewi Retna Paniti yén cinandra ayu endah warnané ... nganti kaya widadari ngéjawantah ... Sumambung ing wuri Patih Jayapudhendha ... jroning pagedhongan sang prabu kaliyan ingkang rayi menggalihaken sasirnanipun Prabu Pamungkas ... kayata mangkana panglucitaning wardaya lamun ta dèrèng kawiyosing lésan ...

Ada-ada greget saut nem

Bomi gonjang ganjing langit kelap-kelap... katon lir kincanging alis...o

Candhiwasésa : He mengko ta adhiku cah ayu Retna Paniti

Retna Paniti : Kula kakang prabu

Candhiwasésa : Ora ... tak sawang pirang-pirang ndino kok polatmu kok peteng ki yo géné ... rumangsaku kok kaya wong sedhiih ... apa kurang mangan ... apa kurang seneng

Retna Paniti : Kakang Prabu

Candhiwasésa : Apa ?

Retna Paniti : Kula badhé matur ...èstonipun ingkang kula manah menika ... mboten wonten malih ingkang kula prihatosaken namung sak sédanipun Kakang Prabu Pamungkas .... Ing mangka garwanipun Dewi Panjurungsih kémawon késah ... wis ditinggal lunga mati ...sinten ingkang mboten sedhiih ... kula menika lak

- prihatos sanget ... langkung-langkung kula ngertosí sédanipun  
Kakang Prabu Pamungkas menika saking pendamelanipun satriya  
Pringgadani Prabu Gatotkaca*
- Candhiwasésa* : Njut karepmu ?
- Retna Paniti* : Inggih sak saget-saget yo nèk wong utang kuwi ... nek utang lara  
ya nyaur lara ...utang wirang-nyaur wirang ...utang pati nyaur  
pati ...
- Jayapudhendha* : Utang dhuwit nyaur padu (bercanda)
- Candhiwasésa* : Wooo clemang-clemong ...
- Jayapudhendha* : Haning nèk utang wirang nyaur wirang ... haning nek utang  
dhuwit ki disaur padu wis sah ...
- Candhiwasésa* : Ooo ... kowé tak kandhani ... njur sirmu karepmu ?
- Retna Paniti* : Sak sagèd sagèd kula badhé males pun Gatotkaca... dèrèng lega  
manah kula ... menawi kula dèrèng saged mejahi Gatotkaca ...  
sokur bagé menawi Kakang Prabu kersa kula dhèrèkaken mangga  
mejahi Gatotkaca
- Candhiwasésa* : Nèk aku ki nyambut gawé wis tak étung ... tak étung tuna bathiné  
... Kakang Prabu Pamungkas karo Gatotkaca isoh disédani .. coba  
gagasan ...Gatotkaca wong siji isoh ngalahaké wong sak negara ..  
nèk aku nglurug ning praja pringgadani arep matèni Gatotkaca  
apa ora diarani nguyahi segara... ra wurung aku tumekeng pati
- Retna Paniti* : Nika naminipun mboten kersa mbudidaya .... Inggih dipun  
budidaya supados saged menang
- Candhiwasésa* : Njut carané kepriyé ?
- Retna Paniti* : Sakmenika kula badhé nyuwun pamit kaliyan Kakaprabu ... kula  
badhé mejahi Gatotkaca
- Candhiwasésa* : Kancamu sapa ?
- Retna Paniti* : Piyambak
- Candiwasésa* : Kowé tak kandhani ya ...tanah Jawa ki akèh wong bagus ... kowé  
tekan tanah jawa ora isoh matèni Gatotkaca kowé malah kèli katut  
wong bagus ... wong kowé ki rupamu yo ayu ... ojo ngèlingi kowé  
adhiku tak pèk dhéwé
- Retna Paniti* : Penjenengan ki kok yo anèh-anèh
- Candhiwasésa* : Yo ra anèh kok .... Nèk kowé nggugu aku wis tégakna .. wis  
pikirmu sèlèhna aja nggagas kakang prabu wis perkara dipatèni

*Gatotkaca yo wis ... panjurungsih dipèk Gatotkaca yowis ngono  
aé*

- Retna Paniti* : *Kula mboten lega*  
*Candhiwasésa* : *Wa ... golèk lega ki yo angel... nèk golèk gela é gampang ... gaé  
lega angèl*  
*Ratno Paniti* : *Bakunipun wekdal punika kula nyuwun pamit kula badhé mejahi  
Gatotkaca*  
*Candhiwasésa* : *Wah ... nèk tak élékaké kowé yo nékat .... yo yén tékatmu ngono  
mangsa bodho a ... aku mung nyangoni slamet muga-muga isoh  
kaleksanan*  
*Retna Paniti* : *Menawi kakang prabu sampun marengaken ... kula badhé  
nyuwun pamit bidhal sakmenika badhé mejahi Gatotkaca ...  
mboten wangsal menawi kula mboten saget mejahi Gatotkaca*  
*Candhiwasésa* : *Yo ... muga-muga bisa kaleksanan apa kang dadi karepmu ...*

Keterangan : Iringan *Srepeg Lasem Laras Sléndro Pathet Nem* Retna Paniti berangkat mencari Gatotkaca

- Jayapudhendra* : *Adhuh sinuwun pepundhen kula sesembahan kula ....kula aturi  
émut ingkang rayi*  
*Candhiwasésa* : *Yogéné ta ?*  
*Jayapudhendra* : *Sampun dipun tégakaken ... menika laré estri ... cah wédok lunga  
dhéwé niha mbebayani ..... mila prayoginipun panjenengan  
sampun ngantos kèndelan mangga ... kula dhèrèkaken ngawat-  
awati saking katebihan*  
*Candhiwasésa* : *Wah kowé kuwi yo nggolèkké gawéyan ... jané karèk lèrèn ning yo  
ndadak mangkat ...*  
*Jayapudhendra* : *Nggih sak saget-saget mesakaken ... sepisan mesakaken ingkang  
rayi ...kaping kalih idhep-idhep males kesaénan dhateng ingkang  
rama Prabu Pamungkas*  
*Candhiwasésa* : *Yen pancén mengkono wis ...printahna para wadya balamu ...  
krik lampit budhal ngombyongi utawa ngawat-awati lakuning  
Retna Paniti ...*

Keterangan : *Srepeg Nem Laras Sléndro Pathet Nem* Patih Jayapudhendra berangkat untuk mengikuti Retna Paniti.

## B. Bagian *Pathet Sanga*

### *Pathetan Sanga Wantah*

*Sangsaya dalu wararas abyur kang lintang kumedhap ... titis sonya tengah wengi... lumrang gandaning puspira... o... karengwaning pudyanira... lir swaraning madu brangta... manungsung sarining kembang.*

#### **1. Adegan gara-gara.**

Keterangan : Dalang menyajikan lagu-lagu dan pesan-pesan yang tidak ada kaitannya dengan lakon

#### **2. Adegan Pringgadani, Pergiwa sakit.**

Keterangan : Setelah gara-gara Punakawan mentas mengikuti Raden Bambang Pamegatresna. Adegan Pringgadani menggunakan *Gendhing Gambir Sawit*, Arimbi memangku Pergiwa yang sedang sakit, kemudian Gatotkaca tancep dibelakang Arimbi dihadap Bambang Prabakusuma dibelakangnya ada semar gareng Petruk bagong, irungan sirep.

### *Janturan*

*Anenggih punika warnanira ingkang wonten ing negari pringgadani ... negara jembar .. dawan akeh kerewe-an sedaya mboten wonten ingkang wani bandayuda amung kayungyun pepoyaning kautaman ... sinten ta ingkang ngrenggani praja ing pringgadani putra njodhipati satriya ing pringgadani ingkang kekasih raden Gatotkaca ... yo raden tetuka satriya gagah prekosa godhek wok simbar jaja .... Nuju ing ari sang arya gatotkaca lenggah jajar kaliyan ingkang ibu anengga ingkang garwa kusumaning ayu dewi pergiwa gerah .... Ingkang sakalangkung nguwatosaken ... ingkang kapangku dening kusumaning ayu dewi Arimbi .... Kaya ta mangkana pisowanipun Bambang Pamegatresna putra madukara utusan sking nagara ngamarta kinan animbali prabu gatotkaca katimbalan ing praja ngamarta ... bambang Pamegatresna kadherekaken repat punakawan catur .... Kyai semar ...nala gareng ... ki lurah petruk ... ki lurah bagong ... daya-daya pisowaniun dhateng praja Pringgadani ... awit ingkang pinahargya wonten praja ngamarta raden gatotkaca mangka dereng rawuh ... mila dados pangajeng ajenging para pepundhen ngamarta*

*utusan raden pamegatresna kinen animbali supados rawuh wonten ing praja ngamarta ... kaya mangkana panglucitaning wardaya lamun dereng kawiyosing lesan ...*

Keterangan : Iringan *udhar minggah ciblon* kemudian *suwuk*.

*Pathetan sanga jugag*

*Kagagasing tyas dahat lakunira datan antuk uparengganing pradapa ... O... lir thathit ya mandra gini .. yo nontono jaka lamar ... wigatining wiyasa ... O ...*

- |              |   |
|--------------|---|
| Arimbi       | : Tak waspadakaké kaya bocahku Bambang Pamegatresna ... ingkang prapta ana praja pringgadani kéné ... ora liwat bagya nggèr satekamu ana ing Pringgadani  |
| Pamegatresna | : nuwun kapundhi ing mestaka dadosa jimat dhawuh timbalanipun kanjeng Wa Dewi   |
| Arimbi       | : Yo yo tak trima kowé ngaturaké pangabekti marang aku ... Kakang Semar padha becik   |
| Semar        | : Eee inggih wilujeng ... angsal pengestu panjenengan pangabekti kula konjuk  |
| Arimbi       | : Yo sapadha-padha Kyai Semar ... nala Garèng padha becik...  |
| Garèng       | : Pengèstu Panjenengan awon ...   |
| Pétruk       | : Wong dibagékké becik kok wangsumané awon ...  |
| Garèng       | : Ha witèknèn ana gareng kok apik apa yo ènèng ... Garèng mlakuné yo mesthi pincang ... matané kèro ... apiké nèngdi ... mula yo gandhèng temené èlèk ... aku yo ngaku èlèk   |
| Bagong       | : Wis aja kok luruhî Garèng ki ... kuwi nyat gampang-gampang angèl kok ... diluruhi rakenèng ra diluruhi grambyang akon ngluruhi ... wong pancèn yo kahanan marcapada kuwi pancèn yo ngno kuwi ... wong nèk dijak ora gelem ...kas ra dijak nusul ... aku yo gumun kuwi ... hèh ... padha karo aku ... aku ki dijak ra dijak yo nyang ... dibayar ra dibayar yo nyang |
| Pétruk       | : Éé .... Rupamu gong ...   |
| Arimbi       | : Pétruk kowé padha becik ?   |
| Bagong       | : Truk ...petruk  |
| Gareng       | : Wongé raènèng (bercanda)  |

- Pétruk : Éé,... Arep tak golèki arep tak kè'i dhit arep tak kon nukokké rokok kok (yang dimaksud Petruk peniti gamelan).
- Bagong : Mungguh melèk kowé yo akon tenan ..
- Pétruk : ha dhité yo raènèng wong tak gémbol kanthongan ngomah hawong iki salin jas .... Jasmu ning lemari ra ono isiné ... olah nggér ... yo diparingana padha bagas waras kabèh
- Arimbi : Pétruk kowé padha becik ?
- Pétruk : inggih pengèstu jenengan wilujeng
- Bagong : Nggih
- Pétruk : Wong rung dibagèkké kok nggih
- Bagong : Ha timbangané ngentèni luwung dhisik
- Pétruk : Woo
- Arimbi : Gatotkaca ... iki adhimu bagèkna
- Gatotkaca : Pamegatresna padha becik ...
- Pamegatresna : Pengestunipun Kakang Mas Pringgadani
- Gatotkaca : Wa semar padha karaharjan
- Semar : É inggih
- Gatotkaca : Garèng Pétruk Bagong
- Garèng : É inggih
- Pétruk : Inggih
- Bagong : Inggih ... wah mosok telu dicaruk dadi siji ... dhuwit dicaruk wong telu dikèkné wong siji kaé okèh yo
- Pétruk : Dhuwit aé ... aja ngrembuk dhuwit saru ... néngkéné ki aja ngrembuk dhuwit ... ngrembuka sumbangan
- Bagong : Dhapurmu... saiki cara-carané anu lho ... cara -carané nggoné Bagong .. du nggoné Pétruk ... cara-carané nggoné Bagong kuwi anggeré ngéné ki lho ...okèh
- Pétruk : Okèh apa ?
- Bagong : Okèh sing nyumbang
- Pétruk : Dhapurmu ...
- Bagong : Nyumbang kuwi apa pénak wong bakalé yo mbalèkké
- Pétruk : Rupamu ...

*Pamegatresna* : *Kanjeng Wa Dewi ... èstonipun kula kautus déning para pepundhen Ngamarta ... nimbali Kakang Mas Ing Pringgadani ... katimbalan dhateng Praja Ngamarta*

*Gatotkaca* : *Ooo adhiku dhi .... yen pancen aku ora ditimbali mesthi sowan ... nanging kowé dhéwé ngertia ... mbak yamu Dèwi Pergiwa nandhang lara mangka larané yo rada tenanan ...menawa Pergiwa wis waras ora suwé mesthi aku bakal sowan marang praja ing ngamarta ... awit aku ngrumangsani ... para pepundhenku ing Ngamarta anggone padha nguri-uri sarta padha mbecekake marang aku*

*Ada-ada greget saut sanga*

*Kadangmu padha warahnadèn becik .. mbésuk amandhema ... o... baris kang prayitna .... Haywa saranta wonging dwarawati ... tinumpes panèku pangawak Pandhawa ...o*

*Pocapan*

*Kocap mangkana ... kusumaning ayu Dewi Retna Paniti manjing jroning Dèwi pergiwa ... Dèwi Pergiwa waras waluya temahan jati ...*

Keterangan : Iringan *Sampak sanga*, Retna Paniti masuk ke tubuh Pergiwa kemudian pergiwa bangun dan dipeluk arimbi, iringan *suwuk*.

*Arimbi* : *Oooo anakku nggèr ... lakok kowé wis waras*

*Pergiwa* : *Sampun kanjeng ibu ... kula sampun waras sampun waloya temahan jati*

*Arimbi* : *Ooo sokur yo nggér yèn kowé wis waras ... malah kebeneran kuwi ana utusan saka praja ing ngamarta ... kakangmu Gatotkaca ditimbali marang praja Ngamarta*

*Pergiwa* : *O inggih menawi mekaten mboten wonten awonipun supados kakang mas Gatotkaca énggal tindak dhateng Ngamarta*

*Gatotkaca* : *Oo nimas Pergiwa bojoku wong ayu ...wis ayo kowé tak jak marang praja Ngamarta ...*

*Pergiwa* : *Dhateng Ngamarta kula inggih sagah ... nanging mangga Kakang Mas .. panjenengan badhé sowan dhateng praja Ngamarta mangga kula dhèrèkaken santun busana rumiyin*

*Gatotkaca : Yoh yen pancèn mengkono aku mung manut karo sak karepmu ...  
wis golèkna pilihna sandhangan sing kudu tak enggo*

*Ada-ada greget saut sanga*

*Mulat mara sang arjuna èsmunya kamanungsan ... kasrepan tingkahing mungsuh  
... O (Pergiwa dan gatotkaca masuk ke gawang kanan)...*

*Pocapan*

*Kocap mangkana .. Radèn Gatotkaca kadhèrèkaken Dewi Pergiwa ... santun busana  
... nanging ... Dèwi Pergiwa sejatine dudu karepé dhéwé ... kesusupan putri saking  
manca negari badhé mejahi pun gatotkaca ... pusaka ingunus Radèn Gatotkaca badhè  
pinejahan binujung mlajeng medal dhateng njawi ...*

Keterangan : Iringan *Sampak Sanga*, Gatotkaca keluar dari gawang kanan menangis di hadapan Pamegatresna, *suwuk*.

*Gatotkaca : O adhiku dhi adhiku adhiku bocah bagus mbakyumu kae piyé kaé ...  
keris diunus aku arep disuduk aku arep dipatèni*

*Pamegatresna : Kakang mas ... menika sanès pikajengipun piyambak ... sampun  
mangké kula ingkang badhé miltulungi ... sak sampunipun mangké  
kula pitulungi mangsa bodhoa Kakang Mbok Dèwi Pergiwa kula  
aturi ngawat awati*

*Gatotkaca : Yoh yèn pancèn mangkono*

Keterangan : iringan *Sampak Sanga* Pamegatresna *dientas* ke gawang kanan, Gatotkaca dan arimbi mengikuti Pamegatresna *dientas* ke kanan. Punakawan *dibedhol* ke gawang kiri, Pamegatresna masuk ke tubuh pergiwa kemudian Retna Paniti keluar dari tubuh Pergiwa di ikuti pemegatrisna. Pergiwa di boyong gatotkaca, Retna paniti *dicandhet* oleh Pamegatresna kemudian tanceb berhadapan, *suwuk*.

### 3. *Candhakan, Perang Retna Paniti Bambang Pamegatresna (perang kembang),*

*Ada-ada greget saut sanga*

*Bomi gonjang ganjing langit kelap-kelap katon ... lir kincanging risang mawèh gandrung*

- Pamegatresna : *Hayoh kowé malingaguna ... ngakua sapa jenengmu bocah wadon ayu...*
- Retna Paniti : *Yén kowé takon jenengku jenengku Retna Paniti*
- Pamegatresna : *Kok dadi kowé wani mlebu ènèng guwa garbané Kakang Mbok Pergiwa*
- Retna Paniti : *Kowé ngertia menawa aku ki arep matèni Gatotkaca ... awit Gatotkaca kuwi mbiyèn mateni kakangku Prabu Pamungkas ... lakok dadi kowé ngalangalangi karo karepku*
- Pamegatresna : *Awit Kakangmas Gatotkaca kuwi sedulurku ... mula tak éwangi ... mula manuta kowé tak tugel gulumu ... tak cekel tak banda*
- Retna Paniti : *Mbésuk ora gelem saiki ora gelem*
- Pamegatresna : *Nék kowé ora gelem bakal tak perkosa*
- Retna Paniti : *Aku yo ra wedi karo kowé ... aku yo wani ...*
- Pamegatresna : *Kowé wani tandhing lawan aku*
- Retna Paniti : *Sing tak wedèni apamu ...*
- Pétruk : *Gong ... ndara kaé jagongan karo sapa ora ènèng kancané kok wong loro ... wah nyamari kuwi (Petruk dan bagong berbicara di balik layar)*
- Bagong : *Wis anggeré ènèng cèwèk karo cowok ngono wis ... gawé tratap ...*
- Pétruk : *Éé .. ha sing njaluk lakon Pulung apa kon ngajari apa piyé ... hah .. jané gampang aé ... wong anggeré kowé ngoyak oyak Pétruk kaé gampang*
- Bagong : *Arep ngapa ...*
- Pétruk : *Kaé arep niliki ndara kaé ...*
- Bagong : *Sembrono mengko nèk konangan sing nduwé*
- Pétruk : *Konangan sing nduwé apané ...*
- Bagong : *Nembang truk*

- Pétruk : *Gah jur nembang waé ...*
- Pétruk : *Kulanuwun (Pétruk masuk) gong patuté nèk nembang kok ...*
- Bagong : *Ha nembang apa ?*
- Pétruk : *Para besan smara bangun ...sepat amba kali oya ... aja dolan lan wong priya ... geraméhna ra prasaja (Petruk bernyanyi)... hèh yo jik apal yo ... sing ngendhang yo cak cèk cak cèk ... nini kanthi jendhil dho njaluk kemul mul ... ( kepala Petruk dipukul Bambang Pamegatresna)...adhem ... adhem ... yahéné ki wis adhem héé ... nini jendhil ndara (Petruk membalik ke hadapan Bambang pamegatresna) ...*
- Pamegatresna : *Pengakune Retna Paniti kuwi kadangé Prabu Pamungkas wis dipejahi karo Kakang Mas Gatotkaca, kuwi arep males ukum ...*
- Pètruk : *Ooo sampéyan ajeng males (malik ke hadapan retna paniti)*
- Retna Paniti : *Iya ...*
- Pètruk : *Napa sampéyan wani ?*
- Retna Paniti : *Wani waé ... wong nyatané aku iki di oyak oyak karo bendaramu ...*
- Pétruk : *Sakniki ngèten mawon ... timbangané wong niku seneng suloyo.. nèk wong crah agawé bubrah ... nèk rukun agawé santosa ... lho lak cetha ta ... urané niku cetha .... Mula timbangané sampéyan niku padu .... Mang rukun mawon*
- Pamegatresna : *Dhapurmu (Petruk puluk Pamegatresna dari belakang)*
- Pétruk : *(membalik kehadapan Pamegatresna) Woo jan ...*
- Pamegatresna : *Karo mungsuh kok ...*
- Petruk : *Ha mungsuh niku ...ndhièk wingi ... sakniki pun mboten dadi mungsuh kenèng mawon (sambil berjalan ke belakang Pamegatresna tanceb dibelakang Pamegatresna)*
- Pamegatresna : *Retna Paniti?... kowé nututa tak tugel gulumu*
- Retna Paniti : *Mbésuk ora gelem saiki ora gelem*
- Pamegatresna : *Yèn ora gelem bakal tak*
- Retna Paniti : *Apa kowé wani tandhing kalawan aku*
- Pamegatresna : *Sing tak wedèni*
- Retna Paniti : *Wooo tak banda tanganmu*
- Keterangan : Perang antara Retna Paniti dan Bambang Pamegatresna Iringan Srepeg Sanga. Retna Paniti menghantam dada Pamegatresna kemudian

*dibanting.* Pamegatresna jatuh dientas ke gawang kanan, Retna Paniti menghantam dada Pamegatresna lagi tapi tidak terasa, Pamegatresna membalik dihantam kembali. Pamegatresna memegang tangan Retna Paniti kemudian mengusap wajahnya, Retna Paniti lari dientas ke gawang kiri, irungan menjadi seseg. Retna Paniti *tancep* di gawang kiri menghadap ke kanan irungan *suwuk*.

*Ada-ada greget saut sanga*

*Bumi gonjang ganjing langit kelap-kelap katon lir kincanging alis... risang mawèh gandrung... o...*

Pamegatresna : Ayo ... amuk suramrata jayamrata ingkang kanthi rosa.... aja mlayu kowé

Retna Paniti : Aja mlayu apa ... kowé perang nakal ...

Pamegatresna : Nakal piyé ta ?

Retna Paniti : Wong perang kok ngelus ngelus rambut

Pamegatresna : La sing salah ki rambuté apa tangané

Retna Paniti : Ha yo kowé mungsuh kok ngelus ngelus

Pamegatresna : Hayo mungsuh ki nèk ora gelem dielus elus ora dadi musuh yo rapapa ta

Retna Paniti : Mboh raidhep ... ayo tadhahana gamanku

Pamegatresna : Tibakna

Retna Paniti : tak tibakke sumyur kwandamu ...

Keterangan : Irungan *Srepeg Sanga* Retna Paniti mengeluarkan keris kemudian ditusukan ke badan Pamegatresna, akan tetapi Pamegatresna dapat menghindar. Saat terkena ke badan Pamegatresna tidak mempar, berulang kali Retna Paniti menghantamkan keris ke Pamegatresna, kemudian memegang tangan Retna Paniti Irungan menjadi *seseg*, kemudian irungan *suwuk*.

*Ada-ada greget saut sanga*

*Bumi gonjang ganjing langit kelap-kelap katon lir kincanging alis...o...*

Retna Paniti : Ayo Pamegatresna aja kok gujungi

- Pamegatresna* : Yogéné ta ?  
*Retna Paniti* : Aja kok gujungi wong arep tak sudukké kowé kok  
*Pamegatresna* : Ora iki tak gujungi engko arep tak suduk dhéwé kok  
*Retna Paniti* : Piyé? ... kowé arep nyuduk aku sudukan leganing atiku  
*Pamegatresna* : Hanek kowé gelem hayo mesthi tak suduk ke no ... mula iki ayo  
 kowe gelem ngeculké ora  
*Retna Paniti* : Ora  
*Pamegatresna* : Ora gelem ngeculké kéné nha (keris dilepaskan) wong keris ora  
 kanggo gawé ngéné kok diguwang ngono é uwis (keris dibuang  
 oleh Pamegatresna kemudian Pamegatresna kembali  
 menghadap Retna Paniti )... kerisan barang ...  
*Retna Paniti* : La piyé ... wong perang ora gelem males  
*Pamegatresna* : Aku males kowé mesakaké ... arep tak antem apaneé...  
*Retna Paniti* : ngantem kok ndadak apané .... Ngantem yo ngendi ngendi kenèng  
 no ...  
*Pamegatresna* : Kenènga kaé ora milih yo ora pénak  
*Retna Paniti* : Piyé?  
*Pamegatresna* : Nèk kowé nggugu aku ... saiki perang iki lèrèn waé rasah perang ...  
 ayo kowé karo aku akur rukun ... damai  
*Retna Paniti* : Damai piyé ?  
*Pamegatresna* : Mau wis dioncèki tembang jambé thukul kuwi mau lho ... ha jambé  
 thukul ki genah kétok  
*Retna Paniti* : Jambéné sapa ?  
*Pamegatresna* : Jambému no ...  
*Retna Paniti* : Nèk ngono aku patènana waé ...  
*Pamegatresna* : Manéman ...  
*Retna Paniti* : La piyé ... lawong mungsuh kok ... timbangané aku mulih aku yo  
 didukani Kakang Prabu aku yo isin  
*Pamegatresna* : Yo isin yo malah rasah mulih no ...  
*Retna Paniti* : Ramulih la piyé ...  
*Pamegatresna* : Ra mulih mèlu aku ...  
*Retna Paniti* : Aku jané melu kowé aku yo gelem ...  
 (Petruk keluar dari gawang kanan)

- Pétruk : *Bola bali bola bali ...bocah kuwi anggeré darani ulat ulatan padha mesem é ... mesthi padha karepé ...diélékké ora kenèng ... ning nèk dikon malah mbacut*
- (Bagong keluar)
- Bagong : *Kuwalik*  
 Pétruk : *Kuwalik piyé ta ?*  
 Bagong : *Nek dikon ki mundur ... nèk diélékké mbacut*  
 Pétruk : *Woo rupamu (Pétruk menendang bagong) ....wong kowé ki caturan yo rapener ngono kok .... aku ki yo judheg ... wong dadi uwong ki umuré saya tuwa laléné ora jamak ... wong lagèk bar muni é wis lali ...apa-apa lali ... niki pripun niki ? (Petruk tanceb dibelakang Pamegatresna)*
- Pamegatresna : *lha .... Tak pèk bojo ra gelem*  
 Pétruk : *Kok dipèk bojo ora gelem ... wong niku gelem ngoten kok*  
 Retna Paniti : *Aku yo ... nèk pancèn kowé ora gelem matèni aku ... aku kok pèk bojo yo wis gelem*  
 Pétruk : *Haa ... wong dipèk bojo yo gelem ngono kok (Petruk membalik dientas ke gawang kanan) ... hatwong dipèk bojo nggih gelem ngaten kok ... mbok wis dipun pèk*  
 Pamegatresna : *Kowé gelem dadi bojoku ?*  
 Retna Paniti : *Aku gelem anggeré ora diwayuh*  
 Pamegatresna : *Nèk kowé gelem aku yo tresna karo kowé ...muga-muga kowé lestari dadi bojoku isoh atut runtut nganti kakèn-kakèn ninèn ninèn ...*  
 Retna Paniti : *Yo ... nèk pancèn panjenengan yo gelem ... aku yo manut ... aku dadi garwa panjenengan aku yo sendika ...ngestokaké dhawuh*

#### 4. *Candhakan, Pamegatresna menjadi Gajah.*

*Ada-ada greget saut sanga*

*Kadangmu padha warahnadèn abecik ... amandhema baris ... o... baris kang prayitna ... haywa saranta wonging dwarawati tinumpes panéku pangawak pandhawa ...o...*

*Pocapan*

*Kocap mangkana ... Radèn Pamegatresna kena ilailané Bathari Durga jaman Bathari Durga dadi Pamikatsih ... ora bakal nambut silaning akrama utawa ora bakal nggepok wanodya trima wadat salawasé .. nggrayang-nggrayang Kusumaning Ayu Dewi Retna Paniti sirna tyasing satriya dadi Gajah.*

Keterangan : Iringan *Sampak Sanga*, Bambang Pamegatresna Dewi Retna Paniti menjadi Gajah, iringan suwuk.

- |                     |   |
|---------------------|---|
| <i>Retna Paniti</i> | : Bil tobil-tobil ... kowé kuwi Pamegatresna  |
| <i>Pamegatresna</i> | : Yo aku Pamegatresna ...kowé kok mundur ki piyé ta ...wong arep di cekel kok ... arep dielus-elus kok mundur ... |
| <i>Retna Paniti</i> | : Mundur wujudmu maléh no kok ...   |
| <i>Pamegatresna</i> | : Maléh piyé ta ?   |
| <i>Retna Paniti</i> | : Kowé ki ngiloa dhisik ... kowé wujudmu wis dudu menungsa ... wujudmu Gajah aku luwung lunga waé                 |

Keterangan : Iringan *Sampak Sanga* Retna paniti lari *dientas* ke gawang kiri, Pamegatresna bingung, iringan suwuk.

*Pamegatresna* :Waa piyé wa ...

Keterangan : Iringan *Sampak Sanga* Pamegatresna yang menjadi gajah lalu mencari Semar *dientas* ke gawang kanan, bertemu Semar langsung Pamegatresna merangkul Semar, iringan suwuk.

- |                     |   |
|---------------------|---|
| <i>Pamegatresna</i> | : Ooo piyé wa ...aku dadi Gajah wa...   |
| <i>Pétruk</i>       | : Waa dirangkul-dirangkul gajah (petruk keluar dari gawang kanan) ...dirangkul wong ayu ngono genah ...dirangkul Gajah ...  |
| <i>Semar</i>        | : Iki Gajah apa ?   |
| <i>Pamegatresna</i> | : Aku pamegatresna ...  |
| <i>Semar</i>        | : Éé mang linggih sing kepénak ... nggo linggih sing kepénak ...ènten napa la kok dadi sampéyan dadi gajah niku wau ....  |
| <i>Pamegatresna</i> | : Nhaa aku iki mau ...ketemu karo bocah wadon ... bocah é wadon ayu ...mauné arep matèni Gatotkaca manjing Éndhang Pergiwa tak oyak bandayuda karo aku kalah saguh dadi bojoku ... bareng aku arep ngelus elus ... aku dadi Gajah |


- Semar* : *Ha niki ... niki wulang sing wajib kudu dilakoni, ditindakké ...niki sampéyan kelingan mboten sampéyan jaman semonten ketemu Dewi Pamikatsih wonten tengah alas ... lajeng sampéyan pèk bojo ... tibak é badar dadi Bethari Durga ... sampéyan pun kandha omong dhiwé ... diseksèni kalih Bathari Durga ora bakal nyénggol karo wanita .. ora bakal rabi ... lakok sampéyan grumutan*
- (penonton tertawa)
- Pétruk* : *Hooo ... mula nèk ngomong ki aja waton ngomong ...*
- Semar* : *É ... kandhane Pétruk niku bener ... é Pétruk niku bener omongané turut ... nèk ngomong kuwi kudu ngati-ati aja waton ngomong ning ngomong nganggo a waton ... lhé ngaten niku ... la sampéyan niku nggih kleru ... lha wong sumpah kok aku ora bakal nyenggol wong wédok ... ha niku lak nggih pripun ...*
- Pétruk* : *La nggih satemené priyayi kakung nèk ora amor kalih priyayi putri yo kaco...*
- Bagong* : *(Keluar dari gawang kanan) Kacuk é sapa*
- Pétruk* : *Kaco kok kok kacuk (sambil nuthuk kepalanya Bagong) kacooo ... oo wés ... kupingé ki dho (sambil menghadap ke belakang) kacuk ...*
- Pamegatresna* : *Yoo .. aku sing luput*
- Semar* : *Nhaa ...aku sing luput*
- Bagong* : *(keluar lagi dari gawang kanan) nek luput sesuk ora entuk biji ora munggah ( masuk lagi ke gawang kanan) kaya sekolah*
- Pamegatresna* : *Njut aku iki piyé wa ... apa ya aku dadi gajah*
- Pétruk* : *Pun jané ngaten dadi Gajah niku nggih pénak kok..*
- Bagong* : *Nggih pénak ... dadi gajah mboten sah yasa kathok (Bagong keluar lagi dari gawang kanan kemudian masuk lagi ke gawang kanan)*
- Pétruk* : *(membalik ke arah Bagong)... Bagong ki trondholo kok ... Gajah kathok ... léng arep kathokan piyé ...*
- Semar* : *Sampéyan pun kelingan ... pun ngrumangsani salah napa mboten*
- Pamegatresna* : *Iya .. aku wis ngrumangsani salah ....*
- Semar* : *Nek sampéyan pun ngrumangsani salah ...niku sampéyan njaluk ngapura ... sing isoh ngapura ten sampéyan niku mboten ènten*

*liya namung kejaba mung Déwa Suralaya sing isoh ngapura  
marang sampéyan*

- Pamegatresna : *Yén ngono aku kudu munggah ning*  
 Semar : *Nggih ... mang njaluk pengadilan kalih Bathara Guru napa  
Bathara Naradha sak èntené Déwa sinten ingkang paring  
pangadilan ... mangké lak diparingi pepadhang*  
 Pamegatresna : *Yén pancèn mangkono aku tak munggah ning Kahyangan  
Suralaya ...*

### 5. *Candhakan, Pamegatresna bertemu Naradha.*

Keterangan : Iringan *Sampak Sanga* Bambang Pamegatresna langsung berangkat ke Kahyangan Suralaya, Semar dan Petruk *dibedhol dientas* ke gawang kanan, kemudian Bambang Pamegatresna bertemu dengan Batara Naradha, kemudian *Suwuk*.

- 
- Naradha : *Éé ladalalah pragénjong-pragénjong pakpak pong ...éé a kok ana  
gajah gawé amuk ning Suralaya ki Gajah Gajah apa*  
 Pamegatresna : *Pukulun kula menika Pamegatresna dadi Gajah ... nyuwun  
pengadilan dhateng para Jawata supados kula wangslu dados  
tiyang malih ...*  
 Naradha : *Haaa ...mula kabèh-kabèh mau kudu diati-ati ... aja waton  
tumindak ... tumindak é yo sing bener ...sing turut ... tumindak a  
sing bener tur sing pènèr... jalanan bener karo pènèr ki sok ra padha  
... kadhang sok wis bener ning kurang pènèr... numpak pit ana  
kiwa ditabrak motor ... rak jané bener pité ... ning kowé lagèk ora  
kebeneran ...mula sing apik ki isoh bener kebeneran*  
 Pamegatresna : *Lajeng kula menika kados pundi ...sageta wangslu malih*  
 Naradha : *Timbangané kowé gawé rusak ning Kahyangan Suralaya ... baliya  
tumurun ning ngarcapada ... kowé nindakna laku ... gawéa  
padhang marang sapa waé ingkang nandhang peteng ... gawé a  
bungah marang sapa waé kang nandhang susah ... yén kowé gelem  
gawé beick tanpa njaluk pepulih sarta ora njaluk apa waé ... wis*

*diikhlasaké anggonmu gawé becik ... kuwi bakal olèh pangapura ...  
kowe bisa bali menèh dadi manungsa*

*Retna Paniti : Menawi mekaten kula nyuwun pengestu pukulun*

Keterangan : Iringan *Sampak Sanga* Pamegatresna berangkat *dientas* ke kiri, Naradha *dibedhol* *dientas* ke kanan. Berganti adegan Arimbi dihadap Pergiwa, Gatutkaca, dan Punakawan.

#### **6. Candhakan. Gatotkaca, Arimbi dan Pergiwa bergegas menuju ke Ngamarta.**

*Ada-ada greget saut sanga*

*Mulat mara Sang Arjuna èsmunira kamanungsan ... kasrepan ing tingkahing mungsuh ... O*

*Gatotkaca : Nimas Pergiwa kowé wis waras ?*

*Pergiwa : Nuwun inggih ... kula sampun waluya temahan jati kanjeng....*

*Arimbi : Yo yèn pancèn wis padha waras ... prayogané ayo aja kesuwèn tak jak séba marang praja Ngamarta mundhak dadi pangarep-arepé para kadang kadang Pandhawa*

*Gatotkaca : Mangga kanjeng ibu ... ayo nimas pergiwa tak jak bareng bareng marang praja ngamarta*

Keterangan : Iringan *Ayak-ayak sanga* Pergiwa dengan Gatotkaca beserta Dewi Arimbi bersama-sama berjalan *dientas* ke gawang kiri, semua Punakawan *dibedhol*, gunung tancap di tengah suwuk.

#### **7. Adegan Keputren Ngamarta.**

*Pathetan sanga jugag*

*Mulat mara Sang Arjuna esmunira kamanungsan ,... kasrepan tingkahing mungsuh .. O*

*Pocapan*

*Radèn Gatotkaca miwah Ibu Dewi Arimbi ... anganthi kusumaning ayu Éndhang Pergiwa ... sowan mring praja ngamarta daya-daya lampahié ... para Punakawan atut wuntat ... Radèn Pamegatresna wus nglanglang jagat ... tambuh ingkang sinedya ... daya-daya kusumaning ayu Éndhang Pergiwa anggenipun dhateng praja Ngamarta ... awit ngertos menawi Pergiwa nalika gerah ingkang dipun penggalih déné dipun wayuh kaliyan putri sanès ... mila ingkang menika ... piyambakipun dhateng praja Ngamarta awit putri garwané Radèn Gatotkaca menika Dèwi Panjurungsih ... (lali) ... Dèwi Pergiwa kepengin kepanggih ... mila sinigeg ingkang wonten ing Keputren Praja Ngamarta yèn cinandra kaya Pangkur ...*

Keterangan : Iringan *Ladrang Pangkur Laras Slendro Sanga Dewi Sekarwati* dihadhap emban, Dewi sekarwati tancap di gawang kanan debog atas

*Janturan*

*Sinigeg menika warnanira ... ingkang wonten ing keputren praja ngamarta ... garwanipun Radèn Gatotkaca ingkang asma Kusumaning Ayu Dèwi Panjurungsih ingkang kaadhep para kenya ... lenggah wonten kaputren kaadhep para kenya ... Kusumaning Ayu Panjurungsih ingkang dipun titipaken Radèn Gatotkaca wonten ing praja ngamarta ... mangka sampun sawetawis awit Raden Gatotkaca nengga Dewi Pergiwa gerah dereng senggang ... mila Dèwi Panjurungsih tansah angajeng-ajeng rawuhipun ingkang raka Radèn Gatotkaca ... para biyada sami angarih-arih ... kaya ta mangkana panglucitaning wardaya ingkang dèrèng kawiyosing lèsan ...*

Keterangan : Iringan *udhar* ketika akan suwuk Dewi Pergiwa masuk dari gawang kiri dan tancab di gawang kiri debog atas, emban dipindhah ke belakang Dewi Panjungrungsih.

*Pathetan Manyura wantah*

*Mèh rahina semubang hyang rahuna kadinétrané .... Angga rapuh sabdané kukila ... ring kanigara kaketer .... O Kinidunganingkung... lir wuwusing pinipanca .... O.. papetoking ayam wana... O...*

### C. Bagian Pathet Manyura

#### 1. *Candhakan, perginya Pergiwa, Gatotkaca, Arimbi, Antareja.*

- Panjurungsih : *Biyung mban*  
 Emban : *kula wonten timbalan ingkang adhawuh*  
 Panjurungsih : *Iki kaya ana tamu ... aku durung tau kepethuk*  
 Emban : *Inggih kula aturi ndangu piyambak ...*  
 Panjurungsih : *kowe kuwi putri saka ngendi ... lan sapa ingkang dadi asmané*  
 Pergiwa : *Aku arep takon dhisik ... apa panjenengan sing asmané sing jenengé Panjurungsih*  
 Panjurungsih : *Iya aku Panjurungsih ... garwané Raden Gatotkaca ...*  
 Pergiwa : *Bil tobil tobil layak ayuné rajamak ... aku iki garwané Radèn Gatotkaca jenengku Éndhang Pergiwa ... mula aku teka kéné nèng Ngamarta kéné nggolèki arep ketemu karo kowé ... kok dadi kowé wani-wani ... wani-waningrusuhi bojoné wong liya ...*  
 Panjurungsih : *Aku kuwi orangrusuhi ... aku kuwi dipundhut dijaluk dikarepaké karo Raden Gatotkaca ... awit aku iki garwané Prabu Pamungkas ... Prabu Pamungkas disédani karo Paden Gatotkaca ... aku karo Prabu Pamungkas durung atut ... aku yo durung tau gandhèng konca karo wong lanang kejaba aku diwengku karo Radèn Gatotkaca ... mula aku ngarep-arep ... ora ngerti menawa panjenengané kuwi yo garwané Raden Gatotkaca*  
 Pergiwa : *Saiki ngéné waé yo ... satemené aku diwayuh karo kowé atku ora seneng ... serik pokok é... aku duwé nadar ... yén kowé bisa ngasoraké kadigdayanku .. lestari kowé dadi garwané Kakang Mas Gatotkaca ... ning yén kowé ora bisa ngasorké kadigdayanku kowé luwung katekané pati aja nganti urip ... ndedawa wirang ...*  
 Panjurungsih : *Lho yén pancèn karepmu mangkono aku bakal nuruti apa kang dadi kekarepanmu*

Keterangan : Iringan *Srepeg manyura* Panjurungsih perang dengan Dewi Pergiwa. Pertama-tama emban dientas ke kanan dahulu, kemudian kedua tokoh di entas ke kanan perang seperti biasa ada *prapatan, jeblosan, ngantem,*

*mbanting.* Pergiwa berada pada posisi, sedangkan Panjurungsih kanan. Panjurungsih dihantam pergiwa jatuh kemudian dipukul hingga terpental kegawang kanan, lalu bergantian. Dewi Pergiwa dihantam oleh dewi panjurungsih, setelah bersama-sama menghantam akhirnya *bantingan*. Keduanya saling membanting lalu Pergiwa dihempaskan ke kiri *tanceb* menghadap ke kanan di gawang kiri iringan *suwuk*.

*Ada-ada greget saut manyura*

*Niyata laruta saking krodha risang kuru kula ... yèn tan amutusa sangsri*

Pergiwa : bil tobil ... tibané Panjurungsih yo menangan yo ...

Panjurungsih : Ayo ... Pergiwa aja mlayu kowé tandhing karo aku ...aku wis lestari dadi garwané Kakang Mas Gatotkaca .... wong nyatané menang aku ...

Pergiwa : Aku durung rumangsa kalah ... aku jik duwé kewanèn karo kowé ...sepisan iki menèh ... yen madal pusakaku tak lepasi jemparing ... wis lestari dadi bojoné Kakangmas Gatotkaca ... aku kumpul karo kowé seneng ...

Panjurungsih : Yoh tibakna ...


Keterangan : Sampak Manyura Pergiwa melepaskan panah lalu *dientas* ke gawang kanan. Dewi Panjurungsih terkena panah jatuh, kemudian Pergiwa tampil dari gawang kiri, iringan *suwuk*.

Pergiwa : Amuk sura mrata jaya mrata ingkang kanthia rosa ... é madal pusakaku dadi lan tiwasmu ketiban jemparingku ... wis kowé ora klakon dadi garwané Kakang Gatotkaca ... (agak terdiam) haning njut piyé ya ...iki nèk dadi urusan lak yo aku sing rekasa ... sing matèni Panjurungsih aku ...yèn Kakangmas Gatotkaca pirsa malah duka karo aku, aku sing nampa paukuman ... timbangané kaya ngéné aku tak minggat aé

Keterangan : Sampak Manyura Pergiwa pergi *dientas* ke gawang kanan. Berganti adegan Arimbi dihadap oleh Antareja dan Gatotkaca, iringan *suwuk*.

Arimbi : *Gatotkaca*

- Gatotkaca* : *Kula kanjeng ibu ...*
- Arimbi* : *Wis teka ana praja ngamarta kéné dadi pengarep-arepé pepundhènmu ing Ngamarta ... ayo padha séba sowan ana ngarsané Prabu Puntadewa*
- Keterangan** : Iringan *Sampak Manyura* ada emban datang menghadap.
- Emban* : *Dhuh gusti ... ngaturi wuninga menawi Kusumaning Ayu Éndhang Pergiwa bandayuda kaliyan Dèwi Panjurungsih ... Panjurungsih séda ... Dèwi Pergiwa késah ... mboten kantenan purugipun*
- Arimbi* : *Piyé Gatotkaca*
- Gatotkaca* : *Wé Pergiwa nyangdi playumu Pergiwa ...*
- Keterangan** : Iringan *Sampak Manyura* *Gatotkaca* mencari *Pergiwa*, *emban dientas ke kanan* iringan *suwuk*.
- Arimbi* : *Antareja ...*
- Antareja* : *Kula kanjeng ibu...*
- Arimbi* : *Ayo ... kowé melu a aku ... nggolèk i nyusul klawan adhimu ... yèn ora ketemu yo mesakaké ... piyé menèh timbangané aku ijèn ...*
- Ontoreja* : *Mangga kula dhèrèkaken ...*



Keterangan : Iringan *Sampak Manyura* *Arimbi* dan *Antareja* mengikuti *Gatotkaca*. Berganti adegan Dewi Panjurungsih yang sedang terkapar terbaring di gawang kiri. Dewi Retna Paniti kemudian menghampiri dari gawang kanan dan memeluk Dewi Panjurungsih iringan *suwuk*.

## 2. *Candhakan, Retna paniti bersumpah.*

*Ada-ada greget saut manyura*

*Tandya bala mbyuk gumulung mangungsir ... sata kurawa kambak...o ...*

*Retna Paniti* : *Bil tobil .. iki kok dadi Dèwi Panjurungsih néng kénéki piyé iki ...wis ora karu-karuan ... malah wis tumekèng léna ...njut sing*

*arep tak labuhi sapa ... Kakang Prabu Pamungkas wis séda ... iki garwané yo wis katut séda sisan ... é ... sedulur siji wé kok yo ilang ... é muga-muga Panjurungsih diparingi ndang énggal waras waluya jati ... isoh urip menèh kaya wingi uni ... é aku nduwé ujar ... yèn pancèn ana ingkang bisa maluyakaké, utawa nguripaké sedané Kakangmbok Panjurung sih ... yèn lanang tak pèk bojo ... nèk wédok tak pèk sedulur sinarawadi*

### *Praptaning gajah*

Keterangan : Iringan *Sampak Manyura Gajah Pamegatresna* muncul dari gawang kanan tancap di debog bawah irngan *suwuk*.

*Pamegatresna* : É Retna Paniti ... Ret ... Ret ...

*Retna Paniti* : Kok Ret ... (Retna Paniti membalikan badan kaget) .. lho ...lakok Gajah to

*Pamegatresna* : Lha opo kowé pangling karo aku ... aku ki Pamegatresna ...

*Retna Paniti* : Lha kowé Gajah ngono kok ...

*Pamegatresna* : Aku arep ngleboni sayembara

*Retna Paniti* : Ngleboni sayembara piyé?

*Pamegatresna* : Aku saguh nguripké Dewi panjurungsih

*Retna Paniti* : Apa kowé bisa?

*Pamegatresna* : Bisa

*Retna panti* : Yèn mangkono énggal uripna

*Pamegatresna* : Minggira tak waluyakné ...

Keterangan : Iringan *Sampak Manyura* Retna Paniti minggir kemudian Pamegatresna menghidupkan Panjurungsih dan dapat hidup kembali. Retna Paniti memeluk Panjurungsih iringan *suwuk*.

*Retna Paniti* : Oalah Kakangmbok ... panjenengan sampun saget waluya temahan jati

*Panjurungsih* : Lakok kowé ta Retna Paniti

*Retna Paniti* : Nggih

*Panjurungsih* : Aku mau kenèng

- Retna Paniti* : *Panjenengan wau sampun séda dipun sédani sinten kula mboten mangertos ... kula ubaya sinten sing saget nguripké panjenengan , panjenengan saget dipun gesangaken ... ingkang ngesangaken inggih menika Gajah*
- Panjurungsih* : *Yo maturnuwun banget karo Gajah kuwi isoh nguripké ...*
- Pamegatresna* : *Ayo janjiné ... (Gajah bergerak gerak) ... janjiné ...*
- Retna Paniti* : *(membalikan badan) piyé to kuwi ...*
- Pamegatresna* : *Ha kowé mau janji apa ?*
- Retna Paniti* : *Lha aku ra ...*
- Pamegatresna* : *Lho ... mau jané nèk ana sing isoh nguripké sedulur wédok ...arep dipèk sedulur sinarawèdi... nèk sing nguripké lanang arep dipèk bojo ... nyu iling ilingana (gajah sambil membalikan badan menunjukan kemaluaannya)... lho lanang ...*
- Retna Paniti* : *Lananga gajah ...*
- Pamegatresna* : *Ha gajah a kaé lak lanang ta ... nèk kowé kandha mau yo mbok kandha ... sapa sing isoh nguripké Panjurungsih nèk lanang bagus sugih nha ...kuwi kenèng ... lha gur nèk lanang tak pèk bojo ... mangka aku lanang*
- Retna Paniti* : *Dewi Panjurungsih*
- Panjurungsih* : *Piyé?*
- Retna Paniti* : *Sakmenika ngaten kémawon ... panjenengan kula aturi manjing wonten panggenan ali-ali kula ... mangké kula ingkang ndhèrèkaken kondur dhateng Praja Pringgadani ...*
- Panjurungsih* : *Iya iya yen pancen mangkono aku manut*

*Ada-ada greget saut manyura*

*Tandya bala pandhawa myuk gumulung mangungsir ...*

Keterangan : Panjurungsih masuk ke dalam cincin Retna Paniti dilanjutkan *ginem*

- Retna Paniti* : *Aku saguh dadi bojomu*
- Pamegatresna* : *Kowé saguh dadi bojoku*
- Retna Paniti* : *Yo ning aku nduwé penjaluk ...*
- Pamegatresna* : *Mesthi njaluk kuwi lho ... yahéné kok njlaluk*

Retna Paniti : Wong njaluk olèh po ra?... ora olèh yowis ta  
 Pamegatresna : Nduwé penjaluk apa ?  
 Retna Paniti : sarèhné aku kuwi nduwé sedulur ... aku gelem dadi bojomu ning  
                   tembungken kakangku  
 Pamegatresna : Kakangmu?  
 Retna Paniti : Iya ... kakangku sing dadi ratu Adhine Prabu Pamungkas  
 Pamegatresna : Yoh yèn pancèn mangkono mengko bakal tak tembungké kakangmu  
 Keterangan : Sampak Manyura Pamegatresna lalu berjalan dientas ke kiri,  
                   diikuti Retna Paniti, kayon tancap di tengah iringan suwuk.

### *3. Adegan Candhipura, Prabu Candhiwasesa dihadap patih Jayapudhendra*

*Pocapan*

*Yen cinandra kaya singa singa*

Keterangan : Ladrang Singa-singa pathet barang untuk mengiringi tampilnya Prabu Candhiwasesa dan Jayapudhendra, tidak memakai janturan langsung suwuk gropak.

*Ada-ada greget saut manyura*

*Bomi gonjang ganjing langit kelap-kelap katon ... o*

*Candhiwasésa : Patih ... piyé kabaré Gustimu ?*

*Jayapudhendra : Wah kula piyambak inggih mboten patos mireng ...*

*Candhiwasésa : Ora pati indugamana ...*

*Jayapudhendra : Ha keparengipun ingkang sinuwun ?*

*Candhiwasésa : Wah ... aku ki jané ora téga nyawang adhiku .... apa oleh gawé apa  
                   ora ... isoh mateni Gatotkaca apa ora ... apa malah katut cah lanang*

*Jayapudhendra : Kula mboten saged matur ...*

*Candhiwasésa : Yèn pancèn mangkono ayoh ... krik na wadya balamu ... ngluruk  
                   nyang praja Priggadani*

Keterangan : Iringan Sampak manyura prajurit dari negara candhipura budhalan beserta ratu dan patihnya. Adapun yang pertama ratunya Prabu candhiwasesa dijalankan satu rambahan, kemudian disusul Patih

Jayapudhendha, kemudian wadyabala sabrang. Di tengah jalan Prabu Candhiwasesa bertemu dengan Pamegatresna iringan *suwuk*.

#### **4. *Candhakan, Pamegatresna menjadi manusia kembali,***

Gajah : Aku arep nggolèki seduluré calon bojoku ... apa kowé ?

Candhiwasésa : Iya ... ora klèru aku sing kok golèki

Gajah : Ayo adhimu tak jaluk ... tak pèk bojo ...

Candhi wasésa : Yèn bojo kaya kowé aku ora olèh ...

Gajah : Klakon tak gadhing sigar dhadhamu ..

Keterangan : Iringan *Sampak Manyura* Gajah perang dengan Prabu Candhiwasesa. Pertama-tama prabu candhi wasesa kalah dihantam gadhing kemudian, ia mengeluarkan tombak diarahkan ke gajah Pamegatresna. Sang Gajah kemudian terpental dan beralih wujud menjadi Pamegatresna dan langsung *tanceb* di gawang kanan menghadap kiri iringan *suwuk*.

Candhiwasésa : É Gajah é malih dadi manungsa

Pamegatresna : Aku Bambang Pamegatresna ... hayoh nyata kowé wong lanang tututana aku ning Praja Ngamarta ...

Keterangan : Iringan *Sampak Manyura* Bambang pamegatresna *dientas* ke gawang kanan, kemudian bertemu Retna Paniti. Setelah itu Retna paniti diboyong oleh pamegatresna. Werkudara tampil dihadap Gatotkaca, kemudian dari gawang kiri muncul pamegatresna menghadap iringan *suwuk*.

#### **5. *Perang brubuh, Ngamarta***

Werkudara : Pamegatresna iki?

Pamegatresna : Inggih Kanjeng Wa ... kula kalawau dados gajah dipun babaraken kaliyan naléndra ing candhipura ... Prabu Candhiwasésa ...

Werkudara : Gatotkaca pethukna

Gatotkaca : Inggih sendika

Keterangan : *Sampak Manyura* Gatotkaca meminta izin kemudian menemui musuh, *Werkudra* ikut *dientas*. Gatotkaca bertemu Prabu Candhiwasesa iringan *suwuk*.

*Candhiwasésa* : *Sapa methukaké aku ?*

*Gatotkaca* : *Raja putra Pringgadani Prabu Gatotkaca ...*

*Candhiwasésa* : *Aku Candhiwasésa ... kadangé Prabu Pamungkas ... kebeneran ... yén kowé Gatotkaca ... nututa tak tugel gulumu ...*

*Gatotkaca* : *Kowé nugel guluku yén wis aku ... nyoh tugelen guluku ning gulumu dhéwé sing arep tak tugel*

Keterangan : *Sampak Manyura* Gatotkaca perang dengan Candhiwasesa. Pada babak pertama Prabu Candhiwasesa kalah dihantam Gatotkaca. Prabu Candhiwasesa kemudian membawa tombak akan tetapi Gatotkaca berhasil menghantam lagi dengan *samberan*. Kepala Prabu Candhiwasesa kemudian dipegang oleh Gatotkaca iringan *suwuk*.

*Candhiwasésa* : *Wah mancat pundhak nguntir gulu*

*Gatotkaca* : *Tak tugel gulumu*

*Candhiwasésa* : *Mangsa tedhasa*

*Gatotkaca* : *Nyoh matimu nengkéné*

*Candhiwasesa* : *Wadhuu ...*

Keterangan : Iringan *Sampak Manyura* Candhiwasesa mati dipotong lehernya oleh Gatotkaca. Berganti musuh Patih Jayapudhendha melawan Setiyaki, berakhir dengan kekalahan Jayapudhendha. Iringan berubah menjadi *Srepeg Manyura*

*Tatagan* : *tak babati kabeh ...*

Keterangan : Iringan menjadi *Sampak Manyura* kembali. *Tatagan* maju dalam peperangan, tetapi dapat dikalahkan Werkudara, kemudian *tayungan*.

## 6. *Candhakan panutup/tanceb kayon*

Keterangan : Iringan menjadi *ayak-ayak Manyura* menampilkan adegan ngamarta. Di sana ada Puntadewa dihadap Kresna , Werkudara, Baladewa , Janaka, Pinten Tansen, Bambang Pamegatresna beserta Punakawan komplit kemudian iringan *suwuk*.

- |                  |   |
|------------------|---|
| <i>Kresna</i>    | : <i>Yayi Prabu Puntadéwa ?</i>   |
| <i>Puntadéwa</i> | : <i>Wonten pengendika ingkang adhawuh ...</i>  |
| <i>Kresna</i>    | : <i>Lelampahan menika sampun cekap ... pun Gatotkaca lan bojonipun pergiwa sampun mantun sampun senggang ... mila sakmenika mangga ... para kadang-kadang sedaya kula dhèrèkaken memuji nyenyuwun dhateng Jawata ingkang linangkung mugi-mugi Gusti Allah tansah paring kanugrahan dhateng kula sedaya</i> |
| <i>Puntadéwa</i> | : <i>Inggih Kakaprabu ... mboten langkung kula namung ndhèrèkaken</i>   |
| <i>Baladéwa</i>  | : <i>Mangga yayi ... kula inggih ngèstokaken menapa ingkang tumut nyarengi ... tumut ndedonga ... sageada sedaya sami kaleksanan napa ingkang dados sedyanipun agung rejekinipun kapinujon menapa ingkang dados sedyanipun ingkang saésaé ... dipun paringana panjang yuswa awèt kiyat</i>                  |

Keterangan : Ayak-ayak Pamungkas kayon ditancapkan di tengah kelir.

*Tanceb kayon*